


NeMutungamiri  
Thomas S. Monson



# “Sezvandakakudai Imi”

**M**akore mazhinji akapfuura ayo imwe shamwari inonzi Louis yakandiudza nyaya inobata mwoyo pamusoro paamai vake vaive vakapfava, vaitaura zvinyoro-nyoro. Apo pavakafa, havana kusiira vanakomana nevanasikana vavo hupfumi hwemari asi kuti nhaka yehupfumi mumuenzaniso, mukuzvipira, nemukuteerera.

Mushure memashoko ekukudza pamusoro pemufi atarwa uye rwendo rwunerusuwo rwekumakuva rwaitwa, mhuri yakanga yakura yakatarisa pakati pezvinhu zvishomanene zvakanga zvasiwa naamai. Pakati pazvo, Louis akaona kachinyorwa nemakiyi. Kachinyorwa kairaira kuti: “Mubhedhuru repakona, mudhirowa repasi rekabati yangu, mune kabhokisi kadiki-diki kane upfumi hwepamwoyo pangu kiyi inovhura kabhokisi ikako”.

Vose vakashamisika kuti zvii zvaiva naamai vavo zvakakosha zvokuti zvaiswa mubhokisi rine kiyi.

Bhokisi rakabviswa kubva panzvimbo yaro parainge riri uye rikavhurwa zvakanyatsonaka nerubatsiro rwekiyi. Apo Louis nevamwe pavakatarisisa zvinhu zvaive mubhokisi, vakaona mifananidzo yemwana umwe neumwe, uine zita remwana uye nemusi wekuzvarwa. Louis zvino akaburitsa kadhi remhemberero yezverudo raakagadzira ega. Murunyorwa rwakanyangara, rwunenge rwemwana mudiki, urwo rwaakaziva serwake pachake, akaverenga mazwi aakange akanyora makore makumi matanhatu akapfuura: “Mudiwa Amai, Ndinokudai.”

Mwoyo yakabatwa, mazwi akapfava, uye maziso akazara nemisodzi. Hupfumi hwaAmai hwaive mhuri yavo yekusingaperi. Simba rayo raiva pahwaro hwakasimba hwekuti “Ndinokuda”.

Munyika yanhasi, hakuna hwaro hwakasimba ihwohwo hwerudo pahunodiwa zvikuru kunze kwemumba.

Uye hakuna uko nyika kwainofanira kuwana muenzaniso wakanaka wehwaro ihwohwo pane mudzimba dzaVatendi Vamazuva Ekupedzisira avo vakaita kuti rudo rwuve chikamu chinokosha chehupenyu hwemhuri dzavo.

Kune avo vedu vanozviti vadzidzi veMuponesi Jesu Kristu, Akatipa murairo unokurudzira uyu:

“Ndinokupai murairo mutsva, wokuti mudane; sezvandakakudai imi, nemi mudanevo saizvozvo.

“Vose vachaziva naizvozvi kuti muri vadzidzi vangu, kana munorudo pakati penyu.”<sup>1</sup>

Kana tikakwanisa kuchengeta murairo wekudanana, tinofanira kubatana netsitsi nerukudzo, tichitaridza rudo rwedu mukutaudzana kwezva nezva. Rudo rwunopa izwi rinetsitsi, mhinduro ine mwoyo murefu, chiito chisina hundingoveni, nzeve inonzwisisa, nemwoyo unoregerera. Mukufambidzana kwedu kwose, izvi nezvimwe zviito zvakadai zvinozobatsira kuratidza rudo rwuri mumwoyo medu.

1 Mutungamiri Gordon B. Hinckley (1910–2008) vakaona kuti: “Rudo . . . ipoto yegoridhe kumagumo kwemurarabungu, asi rwuchipfuura magumo emurarabungu. Rwunopfuura magumo emurarabungu. Rudo rwuri kumavambowo, uye kubva parwuri kunouya runako runotambarara nedenga pazuva rine dutu. Rudo idziviri inochemerwa nevana, shuviro yevechidiki, namo inonamatidza muchato, uye idzikamiso inodzivirira kupesana kunoparadza misha; runyararo rwekukwegura, rujeko rwezva rwetariro runopenya nemurufu. Vanhu ivavo vakaropafadzwa vanofadzwa narwo mukufambidzana nemhuri, neshamwari, nechechi, uye nevavakidzani.”<sup>2</sup>

Rudo ndiwo musimbote chaiwo wevhangeri, hunhu hwakarurama hwemweya wemunhu. Rudo mushonga unorapa mhuri dzava kuparara, vanhu vasina kururama

uye nenyika dzinehuipi. Rudo runokwanisa kuratidzwa kuburikidza nekunyemwerera, kusimudzira ruoko, mutau-ro unetsitsi, nerumbidzo. Rudo kuzvipira, kushandira, uye kusava nechindingoveni.

Varume, idai vakadzi venyu. Vabatei nerukudzo neku-koshesa. Vakadzi, idai varume venyu. Vabatei neruremeke-dzo nekurudziro.

Vabereki, idai vana venyu. Vanamatirei, vadzidzisei, uye pupurai kwavari. Vana, idai vabereki venyu. Vataridzei rukudzo, kutenda, nekuteerera.

Kana tisina rudo rwutsvene rwaKristu, Mormoni ano-raira kuti, “Hapana zvatiri”.<sup>3</sup> Munamoto wangu ndewekuti tingatevera rairo yaMormoni yekuti “namatai kuna Baba nesimba rose romwoyo, kuti tizadzwe norudo urwu, urwo rwaakapa kune avo vose vateveri vechokwadi voMwanakomana wavo, Jesu Kristu; kuti muzova vanakomana vaMwari; kuti kana ava kuzviratidza tichazova saiye.”<sup>4</sup>

#### ZVIMWE ZVINYORWA

1. Johane 13:34-35.
2. Gordon B. Hinckley, “And the Greatest of These Is Love,” *Ensign*, Kubvumbi 1984, 3.
3. Moronai 7:46 ; onawo ndima 44.
4. Moronai 7:48.

#### KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mutungamiri Monson vanotidzidzisa kukosha kwekutaridza rudo rwechokwadi serwaKristu, kunyanya mumba. Funga kukumbira avo vamunoshanyira kuti vaungane semhuri, uye vakurukure nzira dzavanokwanisa kutaridzana rudo rwakawedzerwa kune umwe neumwe. Ungangovakurudzira kuti vasarudze imwe yepfungwa idzodzo uye voita zvirongwa zvekuti vabudirire pairo semhuri. Semuenzaniso, nhengo dzemhuri dzingangogona kutsvaga kupa chiito chekushandira chakavanzika kune imwe nhengo yemhuri svondo yega yega. Ungangovabvunza kuti vafungisise pashure pamusoro pekuti kuedza kubudirira pachinangwa chavo kwawedzera sei rudo mumba mavo.

#### VECHIDIKI

### Kunamatira Runyararo.

NaSarah T.

Vabereki vangu vaiwanzo pinda misangano mushu-re meChechi, uye ndaitarisa hanzvadzi dzangu diki nhatu uye ndichivabatsira kugadzira kudya kwemasikati-kunyange zvazvo vainyanyo shatirwa

nokukurumidza uye vaine nzara. Kazhinji kana vakatanga kurwa, ndaigona kugadzirisa dambudziko racho diki nekukurumidza. Asi dzimwe dzenguva zvaive zva-kaoma kuti pave nerunyararo kana kurwa kwatangisa nekuti ndaishatirirwawo.

Pane mamwe masikati, hanzvadzi dzangu dzakanga dzichimerwa zvikuru kuti dziwirirane. Ndakaona kuti kuedza kwangu kuti pave nerunyararo kwakaita kuti zvinhu zvinyanze kuipa nokuti ndaive ndakatsamwa. Saka ndakangogadzira kudya kwangu pachangu kwemasikati uye ndikanyarara kutaura. Pakupedzisira, Ndakazivisa kuti, “Ndavakunamata, Tinganyararewo here kwechinguva chidiki?” Apo pavakagadzikana, ndakakumbira ropafadzo pakudya. Ndisati ndavhara munamoto, ndakawedzera kuti, “Uye ndapota tibatsirei tive vanhu vanoyananisa.”

Pakutanga, vakaratidzika sevakanga vasirikuzvinzwa ndokutanga kurwa zvekare. Ndakatsamwiswa nazvo asi ndakaziva kuti ndaifanira kuva nerudo uye kudzikama semagonero andaikwanisa nekuti ndainge ndichangobva mukunamatira runyararo. Mushure mechinguva chidiki, ndakanzwa kudzikama kukuru. Ndakadya ndisinga taure chimwe chinhu, uye pekupedzisira vakomana vakarega kurwa. Ndakaziva kuti runyararo rwandakanzwa rwaive mhinduro kumunamoto wakareruka. Ndakange ndanamatira kuve muyananisi, uye Baba Vekudenga vakange vandibatsira kuramba ndakagadzikana apo pazvaikwezvera zvikuru kuti ndizhambe. Ndinoziva kuti Anokwanisa zvechokwadi kutipa runyararo. *Munyori wenyaya iyi anogara muArizona, USA.*

#### VANA

### Upfumi Hwechokwadi

Mutungamiri Monson vanotaura nyaya nezve vamwe amai vaive nebhookisi rehupfumi rakakosha. Apo vana vavo pavakavhura bhokisi iri, vakaona mifananidzo yavo. Hupfumi hwaamai ava hwaive mhuri yavo!

Hupfumi hwechokwadi hauzigoridhe kana zvisihongo—asi vanhu vaunoda. Ndiani waunoda? Tara bhokisi rehupfumi rine mufananidzo wavo kana mazita avo mukati mebhokisi.

© 2017 ne Intellectual Reserve Inc. Ndiyo chete inekodzero dziri pamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMucharungu: 6/16. Mvumo yedudziro 6/16. Dudziro ye *First Presidency Message*, February 2017. Shona. 97922 731



# Rudzikinuro rwaKristu Umboo hweRudo rwaMwari

*Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga femero yekuziva izvo zvekugovera.*

Ruvimbo, Mhuri, Rubatsiro

**K**unzwisisa kuti Baba vedu Vekudenga vakapa Mwanakomana Wavo Mumwechete Wekuberekwa kuti tingazova nemuviri usingafi nekwaniso yehupenyu husingaperi zvinotibatsira kunzwa rudo rwaMwari kwatiri rusingagume uye rusinganzwisisike. Muponesi wedu anotida.

“Ndianiko uchatiparadzana norudo rwaKristu? . . .

“Nokuti ndinoziva kwazvo, kuti kunyange rufu, kana upenyu, kana vatumwa, kana masimba ekutonga, kana nemasimba, kana zvazvino, kana zvinouya,

“Kana kwakakwirira, kana kwakadzika, kana chinhu chimwe chakasikwa, hazvingagoni kutiparadzana norudo rwaMwari, ruri munaKristu Jesu Ishe wedu” (Varoma 8:35, 38–39).

Nezve Rudzikinuro rwaJesu Kristu, Gosa D.Todd Christofferson veChikwata cheVaapostori vaneGumi neVaviri vakati: “Kutambudzika

kweMuponesi muGetsemani uye kurwadziwa Kwake pamuchinjikwa kunotinunura kubva muchivi nekuzadzikisa zvidikanwi izvo ruenzaniso zvaruinazvo patiri. Anopa tsitsi uye anoregerera avo vanotendeuka.

Rudzikinuro rwaJesu Kristu rwunozadzikisawo chikwereti icho ruenzaniso charuinacho kwatiri nekutipodza nekutiripira pakutambudzika kupi zvako kwatinosangana nakwo tisina mhosva. ‘Nokuti tarisai, vanatora kurwadziwa kwevanhu vose, hongu, kurwadziwa kwechisikwa chose chipenyu, varume, vakadzi, nevana, vemhuri yaAdama’ (2 Nifai 9:21; onawo Aruma 7:11–12).<sup>1</sup>

Kristu “akatinyora pazvanza zve-maoko Ake” (Isaya 49:16). LindaK. Burton, Mutungamiri Mukuru weChita cheRubatsiro, akati “Icho chiito chikuru-kuru chorudo chinofanira kutumira umwe neumwe wedu kumabvi edu mumunamato wakainipa wekutenda Baba Vekudenga

nekutida zvakakwana zvokuti Vakatumira Wavo Mumwechete Wekuberekwa uye Mwanakomana akarurama kuti atambudzikire zvivi zvedu, marwadzo emwoyo yedu, nezvose zvinoratidzika kuva zvisina ruenzaniso muupenyu hwedu pachedu.”<sup>2</sup>

## **Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene neRuzivo**

Johane 3:16; 2 Nifai 2:6–7, 9; [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org)

### **ZVIMWE ZVINYORWA**

1. D.Todd Christofferson, “Redemption,” *Liahona*, Chivabvu 2013, 110.
2. Linda K. Burton, “Is Faith in the Atonement of Jesus Christ Written in Our Hearts?” *Liahona*, Mbudzi 2012, 114.

### **Funga Izvi**

Tingagonesei kuratidza kutenda kwedu nerudo kunaMwari nekuna Jesu Kristu nechipo cheRudzikinuro rweMuponesi wedu?